Dzidza Kuti Ungava Sei Nengoni

Mirayiridzo: Ita basa iri uri panzvimbo isina zvinokukanganisa. Paunoverenga magwaro, fungidzira uripowo pazvaiitika. Ona zvaiitika mupfungwa dzako. Inzwa manzwi acho. Iva nemanzwiro evanhu vanonyanya kutaurwa. Ngazviite sokuti zviri kutoitika.
Vanonyanya kutaurwa: Murume wechiJudha, mupristi, muRevhi uye muSamariya
Nyaya yacho muchidimbu: Nyaya yakataurwa naJesu yomuSamariya akabatsira muJudha akanga akuvadzwa.

1 FUNGA NEZVENYAYA YACHO.—VERENGA RUKA 10:29-37.

Rondedzera zvaunofungidzira kuti ndizvo zvakaita mugwagwa uri pakati peJerusarema neJeriko.

_____

_____

Unofunga kuti zviso zvevanhu ava zvakaita sei

mupristi uye muRevhi? _____

muSamariya akanaka? _____

Unofunga kuti murume aida "kuzviita akarurama" paaitaura, aitaura neinzwi rakaita sei? (Verenga vhesi 25 ne29.)

_____

_____

2 DZAMISA PFUNGWA.

Chii chingava chakaita kuti vateereri vaJesu vashamisike pavakanzwa kuti muSamariya ndiye akabatsira muJudha? (Verenga Johani 4:9.)

_____

_____

Zvii zvingava zvakataurwa nemupristi nemuRevhi vachipa chikonzero chokutadza kubatsira muJudha akanga akuvadzwa?

_____

_____

Jesu paakabvunzwa mubvunzo uri pana Ruka 10:29, nemhaka yei akatanga ataura kanyaya panzvimbo pokungomupa mhinduro yaidiwa?

_____

_____

www.jw.org © 2013 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

3 ITA ZVAWADZIDZA.

Nyora zvawadzidza nezve . . .

Zvazvinoreva kuva munhu ane ngoni.

Kuti ungaratidza sei rudo kumuvakidzani wako.

4 ZVIBVUNZE KUTI:

Ndinofanira kuona sei vanhu vemamwe madzinza kana kuti vekune imwe nyika?

Kana ndikaona kuti mumwe munhu anoda kubatsirwa, chii chandichaita kuratidza kuti ndine ngoni?

Chidzidzo chipi chinokosha chandawana kubva munyaya iyi, uye nei chichikosha?

Zvaungaita: Dhirowa mifananidzo inoratidza maitikiro enyaya iyi yomuBhaibheri. Pamufananidzo mumwe nomumwe nyora mashoko mashoma ezviri kuitika pamufananidzo wacho.



JW.ORG™

Kopa uye pirinda peji iri pawww.jw.org

www.jw.org © 2013 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania